

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Unggal sélér bangsa tangtu euyeub ku rupa-rupa budayana. Budaya hiji sélér bangsa, teu leupas tina perkara nu raket patalina jeung kahirupan manusa. Kabudayaan mangrupa sagala hal tina paripolah manusa, nu diébréhkeun ngaliwatan pamikiran, paripolah nu dilaksanakeun tuluy-tumuluy, sarta ahirna diwujudkeun kana wangun barang atawa hiji karya nu ngarojong kana kahirupan.

Salasahiji kabudayaan nu aya di Indonésia nyaéta kabudayaan Sunda. Patali jeung éta hal, Ekadjati (2014, kc. 8) nétélakeun yén kabudayaan Sunda mangrupa kabudayaan nu hirup, tumuwuh, jeung mekar di golongan urang Sunda, nu umumna cicing jeung netep di Tanah Sunda. Urang Sunda nu beunghar ku budayana, di antarana diébréhkeun dina wangun lisan jeung dina wangun tulisan.

Salasahiji hasil karya urang Sunda nu kaasup wangun tulisan nyaéta wawacan. Wawacan téh mangrupa hasil tina kabudayaan nu di jerona nyampak ajén-inajen nu luhung sarta gambaran-gambaran kahirupan masarakat, hususna nu patali jeung kabudayaan di jaman bihari. Dina kahirupan jaman bihari, loba wawacan nu masih kénéh bacacar di mana-mana. Sabagian wawacan anu aya di lingkungan masarakat, aya nu ngan disimpen wungkul, aya nu dijadikeun papagon dina kahirupan, sarta aya ogé nu dianggap karamat ku anu bogana. Tulisanna aya nu maké aksara Jawa (Cacarakan), aya ogé nu maké aksara Pégon (Arum, 2018, kc. 3). Di sagigireun éta, aksara nu biasa dipaké dina nulis wawacan nyaéta aksara Latén.

Upama ditilik tina wangunna, wangun wawacan nu ditulis di jaman bihari, jeung wawacan nu ditulis kaayeunakeun (kiwari) katitén aya bbédaanana. Wawacan nu ditulis dina jaman bihari, biasana ditulis ku cara *manual* maké leungeun, sarta tilam paranti nulisna maké bahan-bahan nu aya di sabudeureun panulis, saperti daluang, lontar, jsb. Béda jeung cara kiwari, loba wawacan nu geus robah wangunna, nyaéta ku cara dicitak dina wangun buku.

Wawacan téh nyaéta carita panjang (*fiksi*) nu dianggit maké patokan pupuh. Pupuh di Tatar Sunda, nu dipikawanoh ku masarakat jumlahna aya 17 nyaéta kinanti, sinom, asmarandana, dangdanggula, magatru, mijil, durma, pangkur,

maskumambang, pucung, wirangrong, jurudemung, balakbak, gambuh, gurisa, lambang, jeung ladrang. Dina panulisan wawacan, éta pupuh nu 17 téh, henteu sakabéhna dipaké patokan pikeun nyieun carita dina wawacan. Kalsum & Rohaeti (2015, kc. 15) nétélakeun yén umumna henteu sakabéh 17 pupuh dipaké dina wawacan, tapi disaluyukeun jeung watek pupuh sarta watek kajadian nu aya dina carita. Sakapeung mah, aya pupuh nu sok dipaké sacara tuluy-tumuluy pikeun dijadikeun patokan dina nulis wawacan, sarta aya ogé pupuh nu teu dipaké-paké acan pikeun nyieun carita dina wawacan.

Wawacan téh kaasup kana wangun kelompok karya sastra buhun, nu bisa diulik ngagunakeun pamarekan struktural, ditilik tina jihad struktur formal jeung struktur naratif éta wawacan. Hermansoemantri dina Ruhaliah (2018, kc. 21) nétélakeun yén pola-pola nyusun dangding ngawengku guru gatra, guru wilangan, guru lagu, wirahma, adegan, sarta karakter pupuh jeung sasmita pupuh. Di sagigireun éta, Christomy (2003, kc. 34) nétélakeun yén analisis wawacan salaku téks naratif ngawengku galur, motif carita, palaku, latar, jeung téma.

Kiwarí, masarakat henteu pati apal jeung wanoh kana karya sastra buhun salasahijina karya sastra wawacan. Ku sabab, buku-buku ngeunaan wawacan téh, geus hésé kapanggih di lingkungan masarakat. Di sagigireun éta karya sastra wawacan ogé kurang meunang *aprésiasi* nu luhung ti masarakat jaman kiwari. Ieu hal luyu jeung pamadegan Ropiah & Ruhaliah (2015, kc. 101), yén kiwari wawacan geus jarang dipikawanoh ku masarakat ku sabab buku wawacan kawatesanan jeung teu sakabéh masarakat nyaho sarta resep kana wawacan. Di sagigireun éta ogé, wawacan kurang meunang *aprésiasi* jeung *éksisténsi* di masarakat (Septian, 2016, kc. 28).

Pola kahirupan masarakat jaman kiwari, geus robah adat jeung kabiasaan nu dipangaruhan ku kamajuan jaman jeung téhnologi. Kitu deui tongtonan jeung tungtunana, nu geus robah ku rupa-rupa tongtonan ngaliwatan média éléktronik. Padahal, dina karya sastra buhun saperti wawacan, sok nyampak ajén-inajén nu luhung tur hadé, hususna nu patali jeung budaya.

Dina raraga mikanyaho ajén-inajén nu nyampak dina wawacan, hususna nu patali jeung budaya, tangtuna waé perlu mikaweruh unsur-unsur budayana sacara universal. Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 165), unsur budaya sacara

*universal* téh aya tujuh nyaéta: 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) sistem kamasarakatan/organisasi sosial, 4) sistem pakakas hirup jeung téhnologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem réligi, jeung 7) kasenian.

Salasahiji wawacan nu mibanda ajén-ajén nu luhung nyaéta *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata. Dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*, katitén euyeub pisan ajén-inajén nu raket patalina jeung budaya. *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* mangrupa salasahiji wawacan nu dicitak dina wangun buku nu aya di Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonésia. Ieu wawacan téh kandelna 58 kaca, sarta aksara nu dipaké dina wawacan nyaéta aksara Latén kalayan ngagunakeun basa Sunda. *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* diwangun ku salapan pupuh nyaéta pupuh asmarandana, dangdanggula, durma, kinanti, magatru, mijil, pangkur, pucung, jeung sinom.

Panalungtikan ngeunaan wawacan téh geus kawilang réa. Anu kacatet dina buku *Wawacan: Sebuah Genre Sastra Sunda* (Ruhaliah, 2018) jumlahna aya 191, di antarana aya, “Unsur budaya jeung Ajén Atikan dina Naskah (*Manuscript*) “Wawacan Barjah” (Ulikan Budaya-Étnopédagogik) ku Wulan Widianingsih, 2014 (Tésis), “Wawacan Simbar Kancana (Kajian Struktural, Budaya, jeung Étnopédagogik)” ku Opah Ropiah, 2015 (Tésis), sarta “Ajén Budaya dina Wawacan *Carita Kuya Kajajadén* pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP” ku Ulfah Fauziah, 2017.

Sanajan sawanda jeung panalungtikan saméméhna, tapi saéstuna mah aya bédana, nyaéta dina tataran objék nu ditalungtik jeung tiori nu dipakéna. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul: “*Wawacan Syékh Ibnu Hasan* Karya Puradinata (Ulikan Struktural jeung Budaya)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar saméméhna, sangkan leuwih museur ambahanana, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan, ngulik ngeunaan struktur formal jeung struktur naratif, sarta unsur budaya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata?
- 2) Kumaha struktur formal jeung struktur naratif dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata?
- 3) Kumaha unsur budaya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Saluyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus, nyaéta ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara Umum, ieu panalungtikan téh pikeun ngaguar struktur jeung unsur-unsur budaya nu nyampak dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan:

- 1) Ngadéskripsikeun *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata;
- 2) Ngadéskripsikeun struktur formal jeung struktur naratif nu aya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata;
- 3) Ngadéskripsikeun unsur budaya nu aya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan* karya Puradinata.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta: 1) mangpaat tina segi tioritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan naon-naon nu nyampak dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*, boh tina jihad strukturna boh unsur-unsur budayana.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun ngaraksa-ngariksa warisan budaya karuhun Sunda salasahijina nyaéta wawacan, anu mibanda ajén-ajén luhung pikeun dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan jaman kiwari. Sarta pikeun pamaréntah, dipiharep bisa museurkeun paniténnna kana karya sastra buhun hususna wawacan. Boh wawacan nu masih kénéh dina wangun naskah, atawa wawacan-wawacan nu geus dicitak dina wangun buku.

#### **1.4.3 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna keur sawatara pihak, di antarana pikeun:

- 1) Panalungtik, bisa nambahana pangaweruh kana eusi wawacan, struktur wawacan, jeung unsur budaya nu aya dina *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*.
- 2) Mahasiswa, bisa nambahana pangaweruh kana karya sastra buhun sarta bisa dijadikeun acuan pikeun panalungtikan satuluyna.
- 3) Masyarakat, dipiharep bisa méré informasi jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan *Wawacan Syékh Ibnu Hasan*.

#### **1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré gambaran ka masarakat, sangkan bisa ngaraksa-ngariksa karya sastra buhun hususna wawacan, sarta nambahana pangaweruh masarakat, utamana ngeunaan unsur-unsur budaya nu aya dina wawacan, tur bisa dilarapkeun dina kahirupan.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Ari sistematika tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir. Eusina ngawengku tiori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sawatara tiori nu dipedar di antarana wawacan, struktural, jeung budaya. Lian ti éta, dipedar ogé panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan. Eusina ngeunaan métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jembar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Eusina ngabahas ngeunaan déskripsi wawacan, struktur formal jeung struktur naratif wawacan, sarta unsur budaya. Dina ieu bab dipedar sageblengna hasil tina panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Eusina mangrupa kacindekan tina sakabéh hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya ogé implikasi, jeung rékoméndasi pikeun nu maca atawa panalungtik satuluyna.